# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЫ «ҚЫРЫҚ ҚЫЗ» – ЖАСЛАРДЫ ЎАТАНСҮЙИЎШИЛИККЕ ТӘРБИЯЛАЎДА ТИЙКАРҒЫ ДЕРЕК

**Е.К.Оразымбетов** – *стажёр излениўши*
**А.Т.Сапаров** – *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** халқ педагогикаси, «Қирқ қиз» достони, ёшлар тарбияси, озодлик учун кураш, халқлар дўстлиги, маданият, үрф-одат, дастурлар, Ватан, ватанпарварлик, инсонийлик.

**Ключевые слова**: народная педагогика, дастан «Қырық қыз (Сорок девушек)», воспитание молодёжи, борьба за свободу, дружба народов, культура, традиции и верования, Родина, патриотизм, человечность.

**Key words:** folk pedagogy, dastan «Kirik kiz (Forty girls)», youth up-bringing, struggle for freedom, friendship of people, culture, traditions and beliefs, Motherland, patriotism, humanity.

Мәмлекетимизде өзгерислер ҳәм реформалар әмелге асырылмақта. Бул реформалар жәмийеттиң барлық тараўларын қамтып алмақта. Реформалардың дөретиўшиси, ҳәрекетке келтириўшиси ҳәм әмелге асырыўшысы - инсан. Инсанның жоқары руўхыятлы, Ўатан сүйиўши ҳәм жетик қәниге болыўы әҳмийетли. Әсиресе, бүгинги күнде Ўатансүйиўшилик тәрбиясын еле де жанландырыў мәмлекетимиздиң ҳәр бир пуқарасының миннети.

Мәмлекетимизде қабыл етилген 2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясының “5 баслама”сында зәрүр ўазыйпалар белгилеп қойылған. Әне, усы мақсет-ўазыйпалардан келип шыққан ҳалда руўхый-ағартыўшылық жумысларының мазмунын түптен жаңалаў, олардың көлеми ҳәм муғдарын кеңейттириўди дәўирдиң өзи көрсетпекте.

Сонлықтан, өткен дәўирлерде азатлық ушын гүресип, жери менен халқын қорғаған ата-бабаларымыздың қаҳарманлықлары ҳаққында дөреген дөретпелер жасларды көреген, инсансүйиўши, өнерли, ҳүжданлы ҳәм ҳақыйқый ўатансүйиўши етип тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Усындай қаҳарманлық ҳаққында сөз етиўши дөретпелердиң бири «Қырық қыз» дәстаны болып табылады. «Қырық қыз» дәстанының тийкарғы идеясы ўатан қорғаў, туўған елдиң ғәрезсизлиги ушын гүресиў болып, баслы қаҳарманлардың ҳәрекети елди душпаннан қорғаўға қаратылады. Дәстан былай басланады:

«Бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде, қарақалпақ халқында, Ата-журты Түркстанда, Саркоп деген қалада, аз ноғайлы елатында, лақабы асқан, дәўлети тасқан, Аллияр деген бай болды. Төрт түлиги сай болды. Душпаннан өшти алғандай, ғайратлы, қайтпас исине халайық ҳайран қалғандай, ақыллы, сақый, кеңпейил, көргенниң кеўли толғандай алты улы бар еди» Алты улдың ортасында Гүлайым ер жүрекли, ақыллы, батыр ҳәм сулыў қыз болып ержетеди. Оның сулыўлығы ҳәм батырлығы менен ел аўзына түседи.

Гүлайым онбес жасына келгенде қасына қырық қыз ертип, атасынан «Мийўалы» деген жерди сорап алып, оған қорған салдырады. Сырттан душпан бүза алмайтуғын етип қорғанның дийўалларын мықлап, қола менен күйдырады. Қорғанның ишинен атасының усталарын шақырып, қырық қызына ҳәм өзине арнап отаў соқтырады. Гүлайымның басшылығында қызлар мийўалыны гүл-бақшаға, бағқа айландырады.

Буннан кейин Гүлайым қырық қызы менен ат шабыў, қылышласыў, найзаласыў қусаған әскерий өнер үйрениўге киристиип, тәжирийбе топлайды. Гүлайым үлкен әскер басыға айланады. Гүлайым баслаған қырық қыз «Қарсы жаўдан қайтпайтуғын, тайынып сөз айтпайтуғын, шашларын тас төбеге түйип, саўыт кийип, душпаннан елин қорғайтуғын» ҳақыйқый әскерий бирикпеге айланады.

Гүлайымның жас ўақтынан урыс исине берилип, әскерий таярлықлар көриўине Қалмақ ханы Суртайшаның елди бирдей бүлдирип, бир неше мәртебе басқыншылық етип шаўып кеткенлери себепши болды. Ол ели-халқына Суртайшаның тағы топылыс жасайтуғынын биледи. Гүлайым қырық қызды әскерий өнерге үйретиўи дәстанда: «Қылыш берип қолына, батырлыққа үйретти. Қарыўланып қырық қызы, атларына минеди, беккем бўўып беллерин еркекше кийим кийеди. Төрт бөлинип он-оннан, жаў болып топқа тийеди, қарсы шығып жигирмасы, қара шашын түйеди, келгенлерди қырған болып аўдарып алып атынан, бир жерге бәрин үйеди» [1:45] - деп сүўретленеди.

Гүлайым баслаған қырық қыз таўда 40 күншилик жолға ат шаўып, урысқа таярлық көрип жүргенинде Саркоп елатына қалмақ ханы Суртайша топылыс жасайды. Қырғын урыс басланады. Бирақ бул ўақыядан батыр қызлардың хабары болмайды. Урыс ўақыялары қалай басланғаны дәстанда былай сүўретленеди:

Қарамастан залымлар,
Шырқыраған балаға,
Әйне сәҳәр ўағында,
Гүўлеп кирди қалаға,
Қан ағызды салаға [1:238]

Халық ишинен шыққан батыр жигит Отбасқан, Гүлайымның әкеси Аллияр душпанлар менен қайтпай айқасады. Аллияр қаҳарманларша қазаланады. Батыр жигит Отбасқан жараланып, душпан қолына тутқынлыққа түседи. Қалмақ ханы Суртайша жаўызлығы дәстанда төмендегише сүўретленеди.

Суртайшадай зулым хан,
Қылышының қынабын,
Қызыл қанға бояды.
Қазанлардың астына,
Ағаштан етип досларым,
Қурттай ғана балаларды,
Тиккесине қояды [1:256].

Батыр қыз Гүлайым таўларда жүрип, қырық қызды урыс өнерине үйретип, атларын таплап, көп-көп шынығыўлар жасап Саркопқа келсе, қалмақ ханы Суртайшаның ел-журтын шаўып кеткениниң үстине шығады. Жараланып жан сақлап қалған адамлардан болып өткен барлық аўҳалды, жан түршигерлик қырғыншылық урыс ўақыяларын еситеди. Буннан соң Гүлайым баслаған батыр қызлар Суртайшаға қарсы урысқа атланады.

Гүлайым душпан қолынан халқын азат етиў ушын кетип баратырып, Хорезмли батыр жигит Арыслан ушырасады. Олар бир-бириниң атын, даңқын еситкен менен, бир-бирине ғайбана ашық болып жүрген менен еле жүзбе-жүз көриспеген еди. Арыслан бул ушырасыўда муҳаббатын сыр сақламай Гүлайымға айтады. Бирақ батыр қыз Гүлайым: «Ўатанымыздың душпанларын жоқ етпегенше муҳаббатқа кеўил бурмайман! Суртайшадай қалмаққа барып ўайран саларман, өшимди оннан аларман» [1:345] - дейди.

Гүлайымның бундай душпанға ғәзеп пенен айтылған сөзлери қарақалпақлардың әййемги ата-бабалары болған сак-массагетлердиң батыр патшасы Тумаристиң иран шаҳы Кирге айтқан сөзлерин еслетеди. «Қанхор Кир!... жеримди тәрк етиң. Егер бундай қылмасаңыз қуяш қудайы аты менен ант

ишемен. Сениң көзлериңди қанға толтыраман...» [2:212].

Гүлайым өзиниң батыр қызлары, Саркоптың көп ғана жигитлери ҳәм Хорезм батыры Арыслан менен күш бириктирип душпаннан өш алыўға атланады. Еки жақ урысқа кирисип кетеди. Шаңға шаңлар уласады, жарқылдаған қылышлар күн нурына шағылысады, ала сапран арпалыспақ урыс майданы қызады. Дәстанның тили менен айтқанда: Арқадан ести ақырын, исрапыл шамалы, киргендей-ақ бул күни тоқсанның тоғыз сыраны, түскендей-ақ жаҳанға қараңғылық қамалы, бурқасынлап қар жаўды, қарға аралас қан жаўды. Жаңбыр киби сиркиреп, көздиң қанлы жаслары, топтай ушты ҳаўаға адамзаттың баслары. Айырылды, кимлер көликтен, бедеў атлар сүринди, қыйрап жатқан көликтен сарқырап аққан қызыл қан, толды сайлы салаға. Кимниң кетип геллеси, пәтленип тартқан қылыштан, үзилди кимниң желкеси. Бедеўлерден ақты тер, еки жақтың күшиниң ыңранған сестине, қайысты сонда қара жер. Күнниң, жүзин қаплады қайғының қара думаны... Ерк бермеди душпанға, Саркоптың батыр палўаны, Гүлайымдай перийзат, Арыслandай мәрт палўан, жанын отқа жағады, шырқыратып биразын, қазық қып жерге қағады. Атқа шыққан Сарбиназ қарыўы асқан даңқы асқан, бул саўашқа кирисги, ерлердиң ери Отбасқан [1:323].

Гүлайым 40 қызы менен Хорезм батыры Арыслан, Саркоп елиниң батыр жигити Отбасқанлар қолға түсип бенде болған көп санлы Саркоплы азаматлар менен биргелесип, қалмақ әскерлерине қарсы гүрес жүргизеди.

Баҳадырлар аянбай қылыш тартады, душпанның жүрегине найза сұғады. Оларды қырғынға ушыратады. Бирақ, соның менен бир қатар да Саркоплы азаматлар да урыста қаза табады. 40 қыздың екеўи жазатайым найза тийип, аўыр жарадар болады. Үш қыз саўашта душпан менен айқасып батырларша қазаланады.

Батыр қызлардың қаҳарманлық көрсетиўлери дәстанда айрықша көркемлик пенен сүўретленген. Батырлар душпанды жеңиў ушын барлық күш-ғайратын жумсайды.

Гүлайым ҳәм оның дослары қолға-қол усласып он күн урыс жүргизип, душпанның 40 мың әскерин қырғынға ушыратады: Бул ерлик ислер дәстанда: «Гүлайымдай батыр қыз, батырлығын билдирди. Ләшкерлердиң биразын, тас пенен урып өлтирди. Биразларын балықтай, найза ушына илдирди. Сарбиназдай батырда, Суртайшаның ләшкерин, аттан жықты, сүйреди. Он-он бесин қосақлап, найза ушына түйреди» [1:326] -деп сүўретленеди.

Хорезм батыры Арыслан ҳәм Саркоплы батыр Отбасқанда теңи-тайы жоқ батырлық көрсетеди. Душпанларды қыйратып, жеңиске ерисиў ушын бар күшин аямайды. Урыста жекпе-жек шығыўлар басланады. Жекпе-жекке қалмақ батыры Кунқар менен биринши болып Саркоплы батыр Отбасқан шығады. Бирақ дәў денели Кунқар оны жеңеди. Отбасқанның қазаланғанын көрип турған Сарбиназ оған қарсы жекпе-жекке шығады. Көп айқаслардан кейин Сарбиназ «ҳәлсиреген Кунқардың, таўықтай мойнын бурады, қол ушына көтерип қара тастың үстине мықлап ғана урады, Кунқардайын дәўиңниң қызыл гүли солады [1:414]. Ендиги жекпе-жекке еки қолы тырмадай еки көзиниң шарасы жуўылмаған қырмадай айбатлы қалмақ Қарашық пенен Хорезм батыры Арыслан түседи. Көп қыйыншылықлар менен Арыслан жеңиске ериседи. Бундай жеңилиске шыдамай қатты ашыўланған Суртайша ортаға шығып:

Аўзын ашып бақырды,<br>
Гүлайымдай батырды,<br>
Жекпе-жекке шақырды. [1:414]

Батыр қыз Гүлайым Суртайшаның жекпе-жекке шақырыўын мәртлерше қабыл етеди. Ҳеш тартынып турмастан Гүлайым ортаға шығады. Оның батырлық ҳәрекети:

Бас тартпады Гүлайым,<br>
Сыланып түсти ортаға.<br>
Суртайшадай қалмаққа,<br>
Қаймықпастан барады. [1:414] - деп сүўретленеди.

Суртайша менен Гүлайым дәслеп қылышласыўға түседи. Бирақ бирин-бири жеңе алмайды. Екеўиниң де қылышласыў өнери тең келеди. Буннан соң найзаласыўға шығады. Онда да бир-бирин жеңе алмайды. Енди екеўи атларынан түсип, гүреске түседи. Батыр қыз Гүлайымның палўанлық күши ҳәм өнери басым келип, алты күн жекпе-жек гүрестен кейин Суртайтайшадай қалмақты, қол ушына көтерип, өкпесин сығады, таслағанда пәтленип, басы жерге киреди. Гүлайымдай арыўдың көзи оттай жайнады, қынапқа салса жылт еткен, суўырып алса жарық еткен, алмас қанжар қолға алып Суртайшадай қалмақтың басын кесип алады [1:415].

Батыр қыз Гүлайым душпан қутқарып, Саркоп елине қайтып келеди. Елине келгеннен кейин Гүлайым ўәдеси бойынша Арыслан менен шаңарақ қурады.

Гүлайым менен Арыслан әскер жыйнап, Хорезм халқын Надиршах зулымлығынан қутқарады.

Дәстанның жуўмағында Гүлайымның мәртлиги, адамгершилиги, әдиллиги, қайырхомлығы көтериңки рухта жырланады.

«Қырық қыз» дәстанының бас қаҳарманы батыр қыз Гүлайым образы тийкарғы орынды ийелейди. Ол ер жүрек, ақыллы, үлкен әскер басы. Гүлайым Марко Поло жазған Ангиарм [4:214-215], Геродот сөз еткен Томарис [2:204-214], Зариада дәстанындағы Одатида [5: 62], Фердаўсийдиң «Шахнама» дәстанындағы Гордаферид [6:28] уқсаған мәңги өлмейтуғын батыр, палўан ҳаял-қызлардың бири есапланады.

Дәстандағы қаҳарманлар Гүлайым ҳәм оның қырық қызы, Отбасқан ҳәм де Хорезм батыры Арыслан халықтың бахты, еркинлиги ушын гүресип, ар-намысын сақлаған азаматлар. Олар өз халқының садық перзентлери. Соның менен бир қатарда олардың гүреслериниң тийкарғы мақсети - ел халықтың абаданлығы ушын мәңги парахатшылық орнатыў. Олар буған ериседи. Хорезм менен Түркистан халқы ортасында туўысқанлық қатнас орнатады. Халықты қалмақ ханы залым Суртайшаның зулымынан қутқарады, халыққа еркин жасаўды, абаданлық турмысты жеңип алып береди.

«Қырық қыз» дәстаны халық азатлығы ушын гүресшеңлерди тәрбиялайды ҳәм жасларда халықты сүйиў сезими, ерликти, батырлықты, мийнетти, инсанды қәдирлеў сезимин оятады.

«Қырық қыз» дәстаны өзиниң композициялық қурылысы, тереңмазмунлылығы ҳәм жоқары көркемлиги менен айырықшаланып туратуғын ҳақыйқый халық шығармасы. Ондағы еркинлик, азатлық, ғәрезсизлик ушын гүрес идеялары ҳәмме дәўирде де әхмийетли. Дәстан халықты ўатансүйиўшилик идеясы менен суўғарып, елин мәканын, халқын сүйетуғын азаматларды тәрбиялап шығарыўда тийкарғы дерек болып табылады.

Президентимиз Ш.Мирзиёев айтқанындай, «Ўатансүйиўши инсан ғана Ўатанның раўажланыўы, халық абаданлығы, журт тынышлығы ушын хызмет етиўге өзиниң өмирин бағышлайды, өзиниң руўхый жетиклиги менен жоқары жуўапкершиликти сезип, өз мәплерин усы журт, усы халық мәплери менен уйғынластырып жасайды».

**Әдебиятлар**

1. Қарақалпақ фольклоры. VI том, «Қырық қыз». –Н.: «Қарақалпақстан», 1980.
2. Геродот. Книга 1. -С.212.
3. Қарақалпақ халық творчествосы. –Төрткүл: 1940.
4. Книга Марко Поло. Госиздат. Географической лит-ры. –Москва: 1956.
5. История народов Узбекистана. Т.1. -Ташкент: 1950.
6. Фердауси. Шахнама том - II., -Москва: 1960.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада халқимизнинг ўтмиши ва тарихи акс этган қорақалпоқ халқ қаҳрамонлик достони “Қырық қыз” достонида ёшлар тарбияси, уларнинг меҳнатсеварлиги, одоб-икроми, душманга қарши бирлашиб, куч тўплаб она ватан озодлиги учун кураши, ундаги қаҳрамонларнинг ватанпарварлик, харбий ҳунар ўрганиши, ақл, одоб, ҳуқуқ, меҳнат, гўзаллик, инсонийлик намуналари ҳақидаги қарашлари берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассказывается о каракалпакской народно-героическом дастане "Қырық қыз (Сорок девушек)", описывающий прошлое и историю нашего народа, о воспитании молодёжи, их трудолюбии, нравственность, объединении сил против врага, в борьбе за свободу родной Родины, патриотизме героев, учении военному делу, умении, праве, труде, красоте, признаки человечества.

**SUMMARY**

The article tells about the Karakalpak people's heroic dastan "Kirik kiz (Forty girls)", which depicts the past and history of our people, about raising children, their hard work, morality, uniting forces against the enemy, the struggle for the freedom of their homeland, the patriotism of heroes, military teaching skill, law, labor, beauty, signs of humanity.


## МАКТАБГАЧА ТАЪЛИМ МУАССАСАЛАРИ ТАРБИЯЛАНУВЧИЛАРИНИ МИЛЛИЙ ҒОЯ РУҲИДА ТАРБИЯЛАШДА МЕДИАМАХСУЛОТЛАРИ ЎРНИ


**Ф.Шерманова-** *таянч доктарант*

*Қори Ниёзий номидаги илмий тадқиқот институти*



**Таянч сўзлар**: замонавий технологиялар, ижтимоий тармоқлар, медиа восита, интернет, медиахавфсизлик, телевидения, мультфилм, уяли телефон.

**Ключевые слова:** современные технологии, социальные сети, медиа средства, интернет, медиа безопасность, телеведение, мультфильм, мобильный телефон.

**Key words:** modern technologies, social networks, media tools, Internet, media security, television, cartoon, mobile phone.


Маҳаллий ва хорижий тажриба шуни кўрсатадики, болаларнинг янги - медиа технологиялари билан танишиши даври яшариб бормоқда. Ҳозирги кунда болалар мактабгача ёшдан бошлаб шахсий компьютер, мобил телефон ва интернетдан фойдаланишни қисман ўзлаштириб олган. Шу сабабли, болаларда медиасаводхонликни шакллантириш ва ривожлантириш муаммоси бўйича турли ижтимоий институтлар ва оила марказларида алоҳида тадқиқотлар олиб борилмоқда. Ушбу ижтимоий муаммо бўйича ёш тадқиқотчилар, педагоглар, ота-оналар ва мактабгача таълим ташкилотлари тарбиячилари ўз тадқиқотларида, амалий тарбиявий ишларида ва оилалардаги фарзанд тарбияси жараёнларида мунтазам эътиборда бўлишлари лозим.

Мамлакатимизда 2018 йил ҳолатига кўра, 1500дан ортиқ оммавий ахборот воситалари фаолият юритаётган бўлса шулардан 750 та газета, 264 та журнал, 16 та ахборотнома-бюллетень, 4 та ахборот агентлиги, 63 та телевидение, 34 та радио каналлар ва рақамли ахборот технологиялари ҳамда 300 дан ортиқ веб-сайтлар рўйҳатдан ўтган. Қайд этилган оммавий ахборот воситалари ичида телекоммуникация тизими, телетомошабинлар аудиториясининг катта қисмини қамраб олиши нуқтаи назаридан аҳамиятлидир. Булар орасида айниқса, телекўрсатувларнинг психологик таъсирига берилувчан ёш томошабинлар аудиториясининг борлиги ушбу йўналишда кўплаб тадқиқотлар олиб боришни талаб этади. Ҳозирги кунда телекоммуникация тизими орқали узатилаётган кўрсатув ва турли намойишларнинг ёш авлод руҳияти ва маънавиятига, улар шахсиятининг шаклланишига таъсирини илмий жиҳатдан ўрганиш ва тадқиқ этиш долзарб муаммо сифатида ўрганилмоқда.

Телевидение турли мавзулардаги ахборотларни тарқатиш манбаидир. Булар тижорат, сиёсий, маданий, таълим, кўнгилочар ва бошқалар. Буларнинг барчаси реклама билан қўшилиб омма онгига эгалик қилишнинг кудратли механизмига айланди. Дунёда кенг тарқалган медиа воситаларидан бири –телевидениядир. Телевидения орқали намойиш этилаётган ахборот воситаларининг энг севимли жанрларидан бири – бу сериаллардир. Намойиш этилаётган сериалларнинг тарбиявий жиҳатдан қимматига эгалари билан бирга миллий қадриятларимиз ва анъаналаримизга мутлоқ мос келмайдиган, ўзлигимизга тамомила тескари, маънавий экспансияни амалга оширувчилари ҳам талайгинадир.

Шунингдек, маҳаллий, сунъий йўлдош ва кабел телевидениялари орқали деярли ҳар куни намойиш этилаётган мультификацион филмларнинг сифати, ранг-баранглиги, кичик ёшдаги гўдаклар онгини тезда қарам қилиш кучига эга бўлган бундай воситаларнинг ҳаёт тарзимизга тез суръатларда сезиларли кириб келиши ҳам ҳар бир ёш авлодда медиасаводҳонлики мунтазам ошириб боришни талаб этади. Мультипликацион маҳсулотлар кино санъатининг кичик бир жанри бўлиб болани соатлаб вақтини беҳуда телевизор ёнида ўтиришга мажбур этади. Ҳар бир нарсанинг яхши ва ёмон томони бўлгани каби мультфильмларнинг ҳам болалар онгига фойдали ва зарарли тарафлари мавжуд. Мультфилмлар кичик томошабинда чуқур ва ўчмас таассурот қолдиради, яхшилик ва ёмонлик ҳақида илк тушунчаларни пайдо қилади. Эртаклар асосида ишланган асарни бола қалбида қаҳрамонлик, мардлик, Ватанга бўлган чин муҳаббат ҳамда чексиз садоқатини ифодалаб, беғуборликни кучайтиради бошқача кўз билан кўради, эшитганда ёки ўқиганда илғамаган жиҳатларни илғайди. Мультфильмлар гўдакнинг улғайиб, касб танлаши, келажакда қандай йўлдан бориши, ҳаётини қандай аҳлоқий-маънавий мезонлар, асосларга қуришида муҳим рол ўйнайди.

Ғарб давлатларида ишлаб чиқарилаётган мультфильмлар болаларга ҳар доим ҳам ижобий таъсир кўрсатмаяпти. Сир эмас, ҳозирги вақтда глобаллашув туфайли бугунги тараққиётга, инсон ҳаёти, айниқса, ёшлар ва болалар онгу тафаккурига, тарбиясига турли таҳдидлар, ғаразли мақсадлар хавф солмоқда. Руҳшуносларнинг фикрича, мультфильмлар болаларнинг келажакда қандай шахс бўлиб улғайишига катта таъсир кўрсатар экан. Одатда, кичик ёшдаги болалар ўзлари томоша қилган мультфильм қаҳрамонлари ҳаракатларини тақлид қилишга,